

# **Admisyon nan Lekòl Segondè NYC 2018-2019**

Tout sa w bezwen konnen sou pwogram odisyon pou Teyat

## Kontni

1. Kòman pou Itilize Gid sa a
2. Rezime Pwosis odisyon pou lekòl presegondè
3. Enskripsyon pou odisyon ak eleman kouran ki nan odisyon
4. Kòman pou prepare pou yon odisyon Teyat
5. Enfòmasyon sou Pwogram lekòl segondè ak odisyon
6. Orè odisyon pèsònèl ou

## Seksyon I- Kòman pou Itilize Gid sa a

Gid sa a la pou ede elèv ak fanmi prepare pou pwosis odisyon an. Nan gid sa a w ap:

- **Enfòme w sou sa teyat.** Kisa pwogram teyat yo gen ladan? Kisa ou ka atann kòm yon elèv teyat? Gade deskripsyon ki pi ba a pou plis enfòmasyon.
- **Konprann Pwosis Odisyon an.** Rezime nan paj 2 a pral fè w konnen kisa pou atann nan yon odisyon lekòl segondè.
- **Revize Eleman Kouran Odisyon yo** Lekòl segondè ki patisipe nan eleman kouran odisyon yo pataje menm rekòmasyon odisyon yo. Gid sa a gen ladan eleman kouran odisyon pou pwogram teyat.
- **Prepare pou odisyon yo.** Enfòmasyon sou eleman odisyon yo ak konsèy pou bay tout sa w kapab pandan odisyon an.
- **Fè yon lis pwogram teyat ki enterese w.** Chèche nan lis sa a yon lis konplè lekòl segondè Vil Nouyòk ki ofri pwogram pou ankouraje talan atistik. Itilize seksyon 6 la pou mete pwogram ki sanble bon pou ou epi kòmanse kreye orè odisyon w pou otòn lan.
- **Kreye orè odisyon w.** Revize enfòmasyon sou odisyon ak orè pou chak pwogram pou planifye pwòp kalandriye odisyon w. Pou chak pwogram, gen yon lis bagay pou prepare pou odisyon an ak sa w ap fè nan odisyon an.

### Kisa Teyat ye?

Teyat se yon fòm art ki itilize moun k ap pèfòme andirèk (live) pou prezante eksperyans yon evènman reyèl oswa imajinè devan yon piblik live. Elèv pwogram Dram (egzanp teyat mizikal) aprann souvan teknik aktè, etid sèn, vwa ak diksyon, mouvman, chan, istwa teyat ak preparasyon odisyon. Elèv yo ka gen plizyè opòtinite pou pèfòme nan sèn oswa nan pwodiksyon pandan katran lekòl segondè yo a.

## Seksyon - Rezime Pwosesis odisyon pou lekòl presegondè

### **Kèk lekòl segondè fè odisyon**

Yon odisyon se yon tip metòd admisyon. Pou yo admèt yo nan kèk pwogram art lekòl segondè, elèv yo dwe montre yo gen kapasite atistik nan yon odisyon. Odisyon se tou yon gwo opòtinite pou elèv yo rankontre ak estaf lekòl la epi poze kesyon sou pwogram yo.

### **Yo atann pou elèv yo prepare ak pèfòme nan yon odisyon**

Sa y ap tann nan odisyon an pral varye dapre pwogram lekòl segondè a. Elèv yo ta dwe revize kritè odisyon lekòl yo pibliye nan anyè lekòl segondè a. Si yon elèv ap fè odisyon pou plizyè pwogram ki konsantre sou menm fòm art la, plizyè eleman odisyon pral menm nan odisyon yo (gade detay pwogram lan nan gid sa a pou jwenn enfòmasyon sou odisyon). Elèv yo ta dwe sonje yo gen dwa pa rive prezante tout bagay yo te prepare pou odisyon an.

### **Se lekòl segondè yo ki fè odisyon yo**

Anjeneral, se responsab ak pwofesè lekòl yo ki fè odisyon yo. Kèk lekòl segondè fè elèv ki nan lekòl la ede akeyi elèv k ap fè odisyon yo ak fanmi yo.

### **Dat, lè arive ak adrès pou odisyon yo ka varye**

Jeneralman, yo fè odisyon yo nan lekòl segondè yo ant oktòb ak janvyè. Gade detay sou pwogram yo nan gid sa a pou konnen orè odisyon yo.

### **Dire odisyon yo ka varye**

Pwosesis odisyon an ka pran 23 èdtan oswa plis. Yo ankouraje elèv yo vini avèk yon ti kolasyon lejè ak dlo nan odisyon yo. Fanmi yo pa ta dwe enskri pou odisyon yo nan plizyè lekòl nan menm jou a.

### **Fanmi yo ka tann elèv yo tou pre a**

Souvan, gen yon kote pou paran/responsab tann, piske yo pa otorize rete nan zòn odisyon yo ap fèt la. Paran/Responsab yo ka chwazi ale epi retounen nan bilding lekòl la nenpòt lè. Elèv yo ta dwe kominike ak fanmi yo avan pwosesis odisyon an kòmanse.

### **Admisyon nan pwogram ki gen odisyon**

Pou yo ka konsidere w pou pwogram ki gen odisyon yo, elèv yo dwe mete tou pwogram lan sou Aplikasyon Faz I lekòl segondè yo a. Yo dwe remèt li ba konseye lekòl la 3 desanm 2018 pou pi ta. Elèv yo ap resevwa rezilta Aplikasyon Faz I an an mas.

### **Kesyon sou pwosesis odisyon an**

Gid sa a ap reponn pifò kesyon w yo sou pwosesis odisyon an. Si w gen kesyon espesifik sou odisyon yon lekòl, li pi bon pou rele oswa voye yon imèl dirèkteman ba lekòl la pou jwenn plis enfòmasyon oswa ale sou sitwèb lekòl la.

### **Akomodasyon pou odisyon**

Elèv ki gen Plan edikasyon Endividyèl (individualized education programs, IEPs), Plan 504 ki apwouve ak elèv k ap aprann lang anglè (English Language Learners, ELL) ka resevwa akomodasyon. Elèv yo ta dwe pale avèk konseye lekòl yo pou fè aranjman pou akomodasyon pou odisyon.

### Seksyon 3- Enskripsyon pou Odisyon ak Eleman Kouran ki nan Odisyon

Men kèk vokabilè pi ba a sou pwosesis odision an fanmi yo pral bezwen konnen pandan y ap prepare pou odision. W ap jwenn tèm sa yo tou nan tablo ki nan seksyon senk gid sa a.

#### Enskripsyon pou Odisyon

Yo ka egzije elèv yo pou enskri pou odision nan sistèm enskripsyon DOE a oswa nan sitwèb lekòl yo. Yo mete detay sou enskripsyon yo nan gid sa a ak nan anyè lekòl segondè a nan paj odision lekòl yo. Lè yo enskri, elèv yo kite responsab lekòl yo konnen y ap patisipe nan odision an, ak pou ki pwogram y ap fè odision.

#### Pwogram ki gen Eleman Kouran odision

Gen kèk gwoup lekòl ki gen pwogram ki ofri eleman kouran odision; yo gen yon ikòn★ akote non lekòl la nan seksyon senk dokiman sa a. Pwogram sa yo tout pataje menm eleman odision. Kidonk, si elèv yo prepare pou yonn, yo gen dwa byen prepare pou odision nan yon lòt pwogram k ap patisipe.

#### Eleman Kouran Odision – Pwogram Dram

*Ou ka jwenn enfòmasyon sa a tou nan paj 24 nan Anyè 2019 lekòl segondè Vil Nouyòk la.*

Fè de monològ konparezon ou memorize (yon minit chak), pa egzanp dramatik/ komedi, klasik / kontanporen, oswa teyat/fim. Chwazi karaktè ki pre laj ou epi deside avèk kiyès karaktè w yo ap pale ak poukisa. Pèfòme aktivite dramatik oswa mouvman lè yo mande sa (paegzanp yon lekti enpwovize apati nòt oswa enpwovizasyon yo bay). Mete abiman ki pèmèt mouvman lib.

#### Eleman Kouran Odision – Pwogram Teyat Mizikal

Prepare pou fè odision nan tout twa domèn yo: dram, dans, ak mizik vokal. Dram: Elèv ap pèfòme de monològ yon minit pa kè. Monològ yo dwe soti nan yon script ki pibliye. Chwazi karaktè ki pre laj ou epi deside avèk kiyès karaktè w yo ap pale ak poukisa. Gade sitwèb lekòl la pou monològ yo rekòmande. Dans: Elèv sipoze prepare pou yo demontre yon dans modèn oswa yon melanj jazz ke fakilte dans lan prepare. Tanpri vini avèk soulye jazz, soulye balè oswa pyeatè avèk rad dans ki bon pou ou. Mizik Vokal: Elèv sipoze prepare pou chante 16 mezi yon chante Broadway yo memorize. Chwazi yon chante yon karaktè ki nan laj ou chante. Tanpri vini avèk fèy mizik patisyon nan kle ou pou akonpayman.

Pwogram yo ka gen diferan “tès” ke yo fè sou plas nan lekòl la, tankou yon entèvyou oswa modèl disasyon si yo mande sa, ki ka afekte fason w prepare. Tanpri li enfòmasyon sou odision chak lekòl nan dokiman sa a. Epitou, asire w ale sou sitwèb lekòl la oswa kontakte lekòl la dirèkteman pou konnen detay resan yo.

## Seksyon 4- Kòman pou prepare w pou yon Odisyon Teyat

**Kondisyon:** Yo ka mande elèv fè nenpòt nan bagay sa yo :

1. *Resite de monològ yo te prepare.* De monològ yo dwe diferan nan estil (pa egzanp, you komik ak yon dramatik) epi satisfè kondisyon sa yo:
  - Monològ yo dwe se monològ ki pibliye. Tèks orijinal elèv ak materyèl monològ sou entènèt pa apwopriye.
  - Tout monològ yo sipoze dire 1-2 minit.
  - Pèsonaj nan monològ yo sipoze apwopriye avèk laj yo.
  - Yo pa ankouraje teyat klasik oswa estwòf tankou Shakespeare.
2. *Patisipe nan jwèt teyat oswa enpwovizasyon* pou moun k ap fè odisyon yo kapab jije kapasite elèv pou kolabore an gwoup ak pou montre kreyativite san fè repetisyon.
3. *Reponn kesyon aloral* sou rezon ki fè ou vle nan yon pwogram dram epi rezon ki fè ou ta renmen ale nan lekòl sa a Jij k ap fè odisyon yo ap vle konnen ke elèv pran angajman pou lekòl sa a anpatikilye ak egzijans yon pwogram dram.
4. *Chante yon seleksyon mizikal ki soti nan yon Broadway show* (pou elèv k ap aplike pou pwogram teyat mizikal sèlman). Tcheke avèk lekòl la anpatikilye osijè kondisyon onivo odisyon pou komedi mizikal.

**Kritè pou monològ:** Lekòl yo evalye pèfòmans monològ yo diferan fason. Men, jij k ap fè odisyon yo chèche souvan karakteristik sa yo :

- Konpreyansyon Dramatik
- Karakterizasyon
- Diksyon
- Klare nan kominikasyon
- Ou pa bezwen degizman oswa lòt akseswa

**Preparasyon yon monològ:** Ou kapab chwazi swa yon monològ endepandan, swa yon monològ ou pran dirèkteman nan yon pyès teyat epi ke w edite pou sa w bezwen fè a. Si w chwazi yon monològ ki soti nan yon pyès teyat, tanpri sonje kote w pran monològ la nan tout pyès la. Ou sipoze li pyès teyat la epi famiyarize w avèk pèsonaj w ap reprezante a.

Si w gen yon pwofesè teyat nan lekòl presegondè w la, mande l ede w prepare monològ ou a. Yon pwofesè anglè gen dwa kapab ede w prepare tou.

## Seksyon 5- Enfòmasyon sou Pwogram Lekòl Segondè ak Odisyon

Pi ba a men yon lis lekòl segondè Vil Nouyòk ki ofri pwogram teyat ki egzije odisyon, tankou orè odisyon ak kritè yo. Non lekòl yo konekte ak sitwèb chak lekòl; non pwogram yo konekte ak paj chak lekòl nan NYC School Finder (<http://schoolfinder.nyc.gov>).

<a href="#">Fordham High School for the Arts</a> ★   500 East Fordham Road   10458	BRONX
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Fordham High School for the Arts</a>   Paj anyè 95	Kòd: X51A
<p><b>Sa pou prepare pou odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pwogram sa a gen eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 pou detay)</li> </ul> <p><b>Sa w ap fè nan odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Odisyon an gen ladan yon sijè disètasyon.</li> </ul> <p><b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> (Enskri pou odisyon sou sitwèb lekòl nou an)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Samdi 27 oktòb 2018 a 9am</li> <li>▪ Samdi 17 novanm 2018 a 9am</li> <li>▪ Samdi 1ye desanm 2018 a 9am</li> </ul>	
<a href="#">Theater Arts Production Company School (TaPCO)</a> ★   2225 Webster Avenue   10457	BRONX
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Teyat</a>   Paj anyè 145	Kòd: X20S
<p><b>Sa pou prepare pou odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pwogram sa a gen eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 pou detay)</li> </ul> <p><b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> (Enskripsyon <u>pa</u> obligatwa pou odisyon)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Samdi 20 oktòb 2018 a 1pm</li> <li>▪ Samdi 27 oktòb 2018 a 1pm</li> <li>▪ Samdi 3 novanm 2018 a 1pm</li> <li>▪ Samdi 1ye desanm 2018 a 1pm</li> </ul>	
<a href="#">Brooklyn High School of the Arts</a> ★   345 Dean Street   11217	BROOKLYN
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Teyat</a>   Paj anyè 197	Kòd: K47R
<p><b>Sa pou prepare pou odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pwogram sa a gen eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 pou detay)</li> <li><input type="checkbox"/> Elèv teyat teknik yo ka pote yon modèl konsepsyon sèn.</li> </ul> <p><b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> (Enskripsyon <u>pa</u> obligatwa pou odisyon)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Lendi 12 novanm 2018 a 4:30pm</li> <li>▪ Samdi 17 novanm 2018 a 9am</li> <li>▪ Mèkredi 5 desanm 2018 a 4pm</li> <li>▪ Samdi 8 desanm 2018 a 9am</li> </ul>	
<a href="#">Dr. Susan S. McKinney Secondary School of the Arts</a>   101 Park Avenue   11205	BROOKLYN
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Teyat</a>   Paj anyè 220	Kòd: K42D
<p><b>Sa w ap fè nan odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Elèv yo dwe pèfòme yon monològ pa kè ak yon lekti enpwovize.</li> <li><input type="checkbox"/> Mete abiman ki pèmèt mouvman lib.</li> </ul>	

Gid Odisyon pou Admisyon nan Lekòl Segondè Vil Nouyòk 2018-19 – Teyat

<b>Pwogram:</b> <a href="#">Teyat</a>   Paj anyè 220 (rès paj avan an)	Kòd: K42D
<b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> (Enskripsyon <u>pa</u> obligatwa pou odisyon) <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Mèkredi 14 novanm 2018 a 3pm</li> <li>▪ Vandredi 16 novanm 2018 a 3pm</li> <li>▪ Samdi 17 novanm 2018 a 10am</li> <li>▪ Madi 27 novanm 2018 a 3pm</li> <li>▪ Vandredi 30 novanm 2018 a 3pm</li> </ul>	
<a href="#">Edward R. Murrow High School</a> ★   1600 Avenue L   1230	BROOKLYN
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Teyat Estidyo</a>   Paj anyè 227	Kòd: K57P
<b>Sa pou prepare pou odisyon an:</b> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pwogram sa a gen eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 pou detay)</li> </ul> <b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> ( <i>Enskri pou odisyon nan men konseye lekòl ou a</i> ) <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Siyati G-I, Samdi 17 novanm 2018 a 8:30am</li> <li>▪ Siyati J-L, Samdi 17 novanm 2018 a 9:30am</li> <li>▪ Siyati A-C, Samdi 17 novanm 2018 a 12:30pm</li> <li>▪ Siyati D-F, Saturday, 17 novanm 2018 a 1:30pm</li> <li>▪ Siyati T-U, Dimanch 2 desanm 2018 a 8:30am</li> <li>▪ Siyati V-Z, Dimanch 2 desanm 2018 a 9:30am</li> <li>▪ Siyati M-S, Dimanch 2 desanm 2018 a 12:30pm</li> </ul>	
<a href="#">Fort Hamilton High School</a> ★   8301 Shore Road   1209	BROOKLYN
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Akademi Art Dramatik</a>   Paj anyè 233	Kòd: K17T
<b>Sa pou prepare pou odisyon an:</b> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pwogram sa a gen eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 pou detay)</li> </ul> <b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> ( <i>Enskri pou odisyon nan men konseye lekòl ou a</i> ) <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Samdi 3 novanm 2018 a 10am</li> <li>▪ Dimanch 4 novanm 2018 a 10am</li> <li>▪ Samdi 17 novanm 2018 a 10am</li> <li>▪ Dimanch 18 novanm 2018 a 10am</li> </ul>	

<a href="#">Fiorello H. LaGuardia High School of Music &amp; Art and Performing Arts</a> ★   100 Amsterdam Avenue   10023	MANHATTAN
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Teyat</a>   Paj anyè 353	PA GEN KÒD
<b>Sa pou prepare pou odisyon an:</b> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pwogram sa a gen eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 pou detay)</li> </ul> <b>Sa w ap fè nan odisyon an:</b> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> N ap mande aplikan yo pou yo li yon monològ san preparasyon epi patisipe nan yon entèvyou. Rad aplikan yo mete dwe pèmèt yo alèz pou fè mouvman etandone nou ka mande yo montre kòman yo ka fè mouvman ak kò yo.</li> </ul> <p><i>Fiorello H. LaGuardia High School of Music &amp; Art and Performing Arts se yon lekòl segondè espesyalize. Enskri nan men konseye w la.</i></p>	

Gid Odisyon pou Admisyon nan Lekòl Segondè Vil Nouyòk 2018-19 – Teyat

<b>Pwogram:</b> <a href="#">Teyat Teknik</a>   Paj anyè 353 (rès paj avan an)	PA GEN KOD
<b>Sa pou prepare pou odisyon an:</b> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Yo atann pou aplikan yo pote yon modèl desen twa dimansyon (3D design) / diorama tou prepare pou prezantasyon ansanm avèk yon foto diorama a.</li> </ul>	
<b>Sa w ap fè nan odisyon an:</b> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> N ap mande aplikan yo pou yo patisipe nan yonn oswa plizyè aspè teyat teknik an ti gwoup, nan pratik.</li> </ul> <p><i>Fiorello H. LaGuardia High School of Music &amp; Art and Performing Arts se yon lekòl segondè espesyalize. Enskri nan men konseye w la.</i></p>	
<a href="#">Gramercy Arts High School</a> ★   40 Irving Place 10003	MANHATTAN
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Art teyatral</a>   Paj anyè 363	Kòd: M66B
<b>Sa pou prepare pou odisyon an:</b> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pwogram sa a gen eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 pou detay)</li> </ul>	
<b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> <i>(Enskripsyon pa obligatwa pou odisyon)</i> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Samdi 17 novanm 2018 a 9am</li> <li>▪ Jedi 29 novanm 2018 a 3:30pm</li> <li>▪ Mèkredi 5 desanm 2018 a 3:30pm</li> <li>▪ Mèkredi 12 desanm 2018 a 3:30pm</li> </ul>	
<a href="#">Professional Performing Arts High School (PPAS)</a> ★   328 West 48th Street 10036	MANHATTAN
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Teyat</a>   Paj anyè 422	Kòd: M81J
<b>Sa pou prepare pou odisyon an:</b> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pwogram sa a gen eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 pou detay)</li> </ul>	
<b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> <i>(Enskripsyon pa obligatwa pou odisyon)</i> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Manhattan, Bronx &amp; Staten Island: Siyati A-L, Samdi 27 oktòb 2018 a 8am</li> <li>▪ Manhattan, Bronx &amp; Staten Island: Siyati M-Z, Samdi 27 oktòb 2018 a 12pm</li> <li>▪ Brooklyn &amp; Queens: Siyati A-L, Samdi 3 novanm 2018 a 8am</li> <li>▪ Brooklyn &amp; Queens: Siyati M-Z, Samdi 3 novanm 2018 a 12pm</li> </ul>	
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Teyat Mizikal</a>   Paj anyè 422	Kòd: M81H
<b>Sa pou prepare pou odisyon an:</b> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pwogram sa a gen eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 pou detay)</li> </ul>	
<b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> <i>(Enskripsyon pa obligatwa pou odisyon)</i> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Manhattan, Bronx &amp; Staten Island: Siyati A-L, Dimanch 28 oktòb 2018 a 8am</li> <li>▪ Manhattan, Bronx &amp; Staten Island: Siyati M-Z, Dimanch 28 oktòb 2018 a 12pm</li> <li>▪ Brooklyn &amp; Queens: Siyati A-L, Dimanch 4 novanm 2018 a 8am</li> <li>▪ Brooklyn &amp; Queens: Siyati M-Z, Dimanch 4 novanm 2018 a 12pm</li> </ul>	
<a href="#">Repertory Company High School for Theatre Arts</a> ★   123 West 43rd Street 10036	MANHATTAN
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Art teyatral</a>   Paj anyè 426	Kòd: M20X
<b>Sa pou prepare pou odisyon an:</b> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pwogram sa a gen eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 pou detay)</li> </ul>	
<b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> <i>(Enskri pou odisyon sou sitwèb lekòl nou an)</i> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Lendi 29 oktòb 2018 a 4:30pm</li> <li>▪ Lendi 5 novanm 2018 a 4:30pm</li> <li>▪ Samdi 10 novanm 2018 a 9:00am</li> <li>▪ Samdi 17 novanm 2018 a 9:00am</li> <li>▪ Lendi 19 novanm 2018 a 4:30pm</li> <li>▪ Ratrapaj Odisyon, Lendi 26 novanm 2018 a 4:30pm</li> </ul>	



Gid Odisyon pou Admisyon nan Lekòl Segondè Vil Nouyòk 2018-19 – Teyat

<a href="#">Talent Unlimited High School</a> ★   317 East 67th Street 10065	MANHATTAN
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Teyat</a>   Paj anyè 434	Kòd: M42N
<p><b>Sa pou prepare pou odision an:</b> Pwogram sa a gen eleman kouran odision (gade seksyon 3 pou detay)</p> <p><b>Dat Odision pou 2018-2019:</b> (<i>Enskri pou odision sou sitwèb lekòl nou an</i>)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Samdi 3 novanm 2018 a 9am</li> <li>▪ Samdi 3 novanm 2018 a 10am</li> <li>▪ Samdi 3 novanm 2018 a 11am</li> <li>▪ Samdi 3 novanm 2018 a 12pm</li> <li>▪ Madi 6 novanm 2018 a 9am</li> <li>▪ Madi 6 novanm 2018 a 9am</li> <li>▪ Madi 6 novanm 2018 a 10am</li> <li>▪ Madi 6 novanm 2018 a 11am</li> <li>▪ Madi 6 novanm 2018 a 1pm</li> <li>▪ Madi 6 novanm 2018 a 2pm</li> <li>▪ Madi 6 novanm 2018 a 3pm</li> <li>▪ Vandredi 9 novanm 2018 a 4pm</li> <li>▪ Vandredi 9 novanm 2018 a 5pm</li> <li>▪ Vandredi 9 novanm 2018 a 6pm</li> <li>▪ Vandredi 9 novanm 2018 a 7pm</li> </ul>	
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Teyat Mizikal</a>   Paj anyè 434	Kòd: M42J
<p><b>Sa pou prepare pou odision an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pwogram sa a gen eleman kouran odision (gade seksyon 3 pou detay) ak demand sa yo:</li> <li><input type="checkbox"/> Vini tou prepare pou (1) chante yon chanson pa kè ou pran nan yon mizik Broadway; AK (2) prezante yon monològ pa kè ki dire yon minit ki soti nan yon pyès teyat oswa nan yon mizik oswa nan yon powèm ki pibliye.</li> <li><input type="checkbox"/> Aplikan yo dwe pote patisyon an nan kle yo pral chante a epi yo dwe chante avèk akonpayatè yo bay la.</li> <li><input type="checkbox"/> Yo ka mande aplikan yo tou pou repete ekspresyon vokal pou yo ka montre rit, memwa ton ak teknik vokal debaz, ak/oswa imite yon konbinezon dans. Y ap konsidere anpil kapasite pou resevwa kòmand.</li> </ul> <p><b>Dat Odision pou 2018-2019:</b> (<i>Enskri pou odision sou sitwèb lekòl nou an</i>)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Gade dat odision ki pi wo a pou pwogram teyat la.</li> </ul>	
<a href="#">Wadleigh Secondary School for the Performing &amp; Visual Arts</a> ★   215 West 114th St.10026	MANHATTAN
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Teyat</a>   Paj anyè 456	Kòd: M26A
<p><b>Sa pou prepare pou odision an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pwogram sa a gen eleman kouran odision (gade seksyon 3 pou detay) ak demand sa yo:</li> </ul> <p><b>Sa w ap fè nan odision an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pèfòme de (2) monològ pa kè, yon dramatik ak yon komik, ki dire yon minit chak.</li> </ul> <p><b>Dat Odision pou 2018-2019:</b> (<i>Enskripsyon pa obligatwa pou odision</i>)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Jedi 8 novanm 2018 a 4:30pm</li> <li>▪ Samdi 10 novanm 2018 a 11:30am</li> <li>▪ Jedi 15 novanm 2018 a 4:30pm</li> <li>▪ Samdi 17 novanm 2018 a 11:30am</li> <li>▪ Jedi 29 novanm 2018 a 4:30pm</li> <li>▪ Vandredi 30 novanm 2018 a 4:30pm</li> <li>▪ Samdi 1ye desanm 2018 a 11:30am</li> </ul>	

Gid Odisyon pou Admisyon nan Lekòl Segondè Vil Nouyòk 2018-19 – Teyat

<a href="#">Forest Hills High School</a> ★   67-01 110th Street, Forest Hills   1375	QUEENS
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Akademi Teyat</a>   Paj anyè 499	Kòd: Q19N
<p><b>Sa pou prepare pou odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pwogram sa a gen eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 pou detay)</li> </ul> <p><b>Enfòmasyon sou odisyon:</b> Gen plis detay ki disponib sou odisyon an nan sitwèb lekòl la.</p> <p><b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> (Enskripsyon <u>pa</u> obligatwa pou odisyon)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Siyati A-L, mèkredi 7 novanm 2018 a 4pm</li> <li>▪ Siyati M-Z, lendi 12 novanm 2018 4pm</li> <li>▪ Ratrapaj, jedi 15 novanm 2018 4pm</li> </ul>	
<a href="#">Frank Sinatra School of the Arts High School</a> ★   35-12 35th Avenue, Astoria   1106	QUEENS
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Teyat</a>   Paj anyè 504	Kòd: Q40N
<p><b>Sa w ap fè nan odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pwogram sa a gen eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 pou detay)</li> </ul> <p><b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> (Enskripsyon <u>pa</u> obligatwa pou odisyon)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Queens; Siyati A-M, Samdi 3 novanm 2018 a 7:30am</li> <li>▪ Queens; Siyati N-Z, Dimanch 4 novanm 2018 a 7:30am</li> <li>▪ Tout vil la; Siyati A-M, Samdi 17 novanm 2018 a 7:30am</li> <li>▪ Tout vil la; Siyati N-Z, Dimanch 18 novanm 2018 a 7:30am</li> <li>▪ Ratrapaj, Samdi 1ye desanm 2018 a 7:30am</li> <li>▪ Ratrapaj, Dimanch 2 desanm 2018 a 7:30am</li> </ul>	
<a href="#">Hillcrest High School</a>   160-05 Highland Avenue, Jamaica   1432	QUEENS
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Art teyatral</a>   Paj anyè 517	Kòd: Q24L
<p><b>Sa pou prepare pou odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Chwazi, etidye, memorize yon monològ teyatral oswa yom komedi ki dire 1-3 minit.</li> </ul> <p><b>Sa w ap fè nan odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pèfòme monològ dramatik oswa komedi w la.</li> <li><input type="checkbox"/> Y ap fè entèvyou ak aplikan yo epi y ap mande yo ekri yon modèl redaksyon.</li> </ul> <p><b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> (Enskripsyon <u>pa</u> obligatwa pou odisyon)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Lendi 3 desanm 2018 a 10am</li> <li>▪ Madi 4 desanm 2018 a 4pm</li> <li>▪ Mèkredi 5 desanm 2018 a 10am</li> <li>▪ Madi 22 janvyè 2019 a 10am</li> <li>▪ Mèkredi 23 janvyè 2019 a 4pm</li> <li>▪ Jedj 24 janvyè 2019 a 10am</li> </ul>	

<a href="#">Susan E. Wagner High School</a>   1200 Manor Road   0314	STATEN ISLAND
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Teyat</a>   Paj anyè 601	Kòd: R17J
<p><b>Sa w ap fè nan odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Elèv teyat yo dwe pèfòme yon odisyon kout, paegzanp yon monològ kout pa kè. Ou ka jwenn kondisyon yo sou sitwèb Wagner a. <a href="http://www.wagnerhigh.net">www.wagnerhigh.net</a>.</li> </ul> <p><b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> (Enskri pou odisyon nan men konseye lekòl ou a)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Jedj 3 janvyè 2019 a 2:45pm</li> <li>▪ Madi 8 janvyè 2019 a 2:45pm</li> <li>▪ Mèkredi 9 janvyè 2019 a 2:45pm</li> </ul>	

## Seksyon 6- Orè Odisyon Pèsonèl ou

Kreye orè odisyon pèsonèl ou lè w mete pwogram lekòl segondè ki enterese w, ekri dat/lè odisyon an ak tcheke si enskripsyon obligatwa.

Pwogram/Lekòl Odisyon m:	Dat/Lè Odisyon:	Enskripsyon Obligatwa?
1. _____	_____	<input type="checkbox"/>
2. _____	_____	<input type="checkbox"/>
3. _____	_____	<input type="checkbox"/>
4. _____	_____	<input type="checkbox"/>
5. _____	_____	<input type="checkbox"/>
6. _____	_____	<input type="checkbox"/>
7. _____	_____	<input type="checkbox"/>
8. _____	_____	<input type="checkbox"/>
9. _____	_____	<input type="checkbox"/>
10. _____	_____	<input type="checkbox"/>
11. _____	_____	<input type="checkbox"/>
12. _____	_____	<input type="checkbox"/>
13. _____	_____	<input type="checkbox"/>
14. _____	_____	<input type="checkbox"/>
15. _____	_____	<input type="checkbox"/>
16. _____	_____	<input type="checkbox"/>
17. _____	_____	<input type="checkbox"/>
18. _____	_____	<input type="checkbox"/>
19. _____	_____	<input type="checkbox"/>
20. _____	_____	<input type="checkbox"/>